



Haitian Creole Edition
Grade 3 Mathematics Test, Book 2
March 2–6, 2009

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2**

Ane **3**

2–6 mas 2009
Non _____



Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at <http://www.emsc.nysesd.gov/osa>, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

26

Justine pote napkin yo pou yon piknik. Li pote 3 napkin pou chak nan 9 moun ki nan piknik la. Konbyen napkin Justine pote nan piknik la?

Montre travay ou.

Repons _____ napkin

27

Ane pase, yon lekòl vann 638 tikè pou yon fwa lekòl yo a tap òganize. Ane sa a, yo te vann 287 tikè **anmwens** ke ane pase. Konbyen tikè pou fwa a lekòl la vann ane sa a?




Montre travay ou.

Repons _____ tikè

Kontinye

28

Anna trase fòm ki pi ba a.



Pati A

Ekri yon gwo X sou trapèz la.

Pati B

Youn nan fòm Anna trase yo se yon egzagòn. Sou liy ki anba yo, ekri yon jan yon egzagòn diferan de yon trapèz.

Kontinye

29

Nan lekòl Dalton lan, gen yon bwat pou objè ki pèdi e ke yo jwenn. Piktogram ki pi ba a montre konbyen chapo ki nan bwat pou objè ki pèdi e ke yo jwenn yo pandan twa mwa.

CHAPO KI NAN BWAT POU OBJÈ KI PÈDI E KE YO JWENN

LEJANN
 = 5 chapo

Mwa	Konbyen Chapo
Janvye	  
Fevriye	    
Mas	

Konbyen chapo **anplis** ki nan bwat pou objè ki pèdi e ke yo jwenn yo nan mwa fevriye a pase nan mwa janvye a?

Montre travay ou.

Repons _____ chapo

Kontinye

30

Tablo ki anba a montre konbyen minit Carrie pase ap pratike ladans pandan kat jou differan.

PRATIK DE DANS CARRIE A

Jou	Minit
Jou 1	18
Jou 2	25
Jou 3	32
Jou 4	39
Jou 5	?

Kontinye

Si modèl ki nan tablo a kontinye, pandan konbyen minit Carrie pral pratike ladans sou Jou 5 ?

Repons _____ minit

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

Si modèl ki nan tablo a kontinye pou kèk jou toujou, sou ki jou Carrie pral pratike ladans pandan 53 minit?

Repons Jou _____

Kontinye

31

Tablo ki anba a montre konbyen chak kalite sandwitch ki rete nan kantin nan apre manje midi nan mèkredi.

SANDWITCH NAN MÈKREDI

Kalite	Konbyen Sandwitch
Fwomaj	6
Pwason Ton	2
Manba	9


Kontinye

Sou griy ki anba a, konplete graf baton lan pou montre kalite ak konbyen sandwitch ki rete nan kantin nan apre manje midi nan mèkredi.

Asire ou

- ekri non aks vid la
- trase graf tout done yo

SANDWITCH NAN MÈKREDI



RETE LA

Place Student Label Here



**Ane 3
Egzamen Matematik
Liv 2
2–6 mas 2009**

**Grade 3
Mathematics Test
Book 2
March 2–6, 2009**